# Өз ХДП Тақыятас районлық кеңеси баслығы, Халық депутатлары Тақыятас район Кеңеси депутаты Д.Артиқов "Янги макон" АПЖ да болып, "Депутат мәҳәлледе" жойбары тийкарында дийқаншылық ҳәм үй алды қыйтақ жерлердеги егисликлер менен танысты.

Өз ХДП Тақыятас районлық кеңеси баслығы, Халық депутатлары Тақыятас район Кеңеси депутаты Д.Артиқов "Янги макон" АПЖ да болып, "Депутат мәҳәлледе" жойбары тийкарында дийқаншылық ҳәм үй алды қыйтақ жерлердеги егисликлер менен танысты. Үйрениўлер даўамында аймақ турғыны Ш.Сапарбаевтың қыйтақ жеринен үнемли пайдаланып капуста палыз егинин ҳалқымыз дастурханына жеткериў ушын терип атырғанының гүўасы болдық.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Ш.Сапарбаев пенен болып өткен сәўбетимизде дийқаншылық пенен көп жыллар даўамында шуғылланып киятырғанлығын, халқымызға арзан ҳәм сапалы палыз егинлерин жеткерип қоймастан шаңарағына қосымша дәрамат алып отырғанлығын айтып өтти. Екинши жыйым-теримде "Галланд" сортынан капуста, гешир палыз өнимлерин егип жетистириўин айтып өтти.Бул жумысларда  Ш.Сапарбаев ҳәм оның шаңарақ ағзаларына үлкен күш-жигер тилеп, қырманы мол толып таса

бериўин тилеп қаламыз.

Өзбекистан ХДП Тақыятас районлық Кеңеси.